

31 oktòb 2025

Chè fanmi,

Nou kontan anonse sèvis otobis jòn yo ap kontinye san entèripsyon. Nou konprann enpòtans sèvis sa yo pou fanmi, epi edikasyon ak byennèt pitit ou a rete pi gwo priyorite nou. Nou rete angaje pou nou travay avèk konpayi otobis nou yo pou nou rive jwenn yon solisyon alontèm.

Nou apresye ke konpayi otobis yo ap asire elèv gen aksè san entèripsyon nan edikasyon, epi nou rekonesan anvè tout fanmi ak defansè ki te mete ansanm avèk nou pou ede nou planifye alavans nan ka ta otobis yo ta kanpe travay.

Mèsi pou pasyans ak konpreyansyon w pandan peryòd sa a.

Nan kolaborasyon,



Melissa Aviles-Ramos
Chanselye, Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS)